

Ibibazo Bikunze Kubazwa (FAQs)

Ivyerekeye imfashanyo EBT itangwa kw'ishure ijanye n'ikiza (P-EBT)

mu mwaka w'ishure wa 2022-2023 (igenekerezo rya 4 Nzero, 2023)

Ikibazo ca 1: P-EBT ni iki?

A: Ni imfashanyo y'amahera y'imfungurwa yemejwe na reta ku rwego rw'igihugu kugira ifashe imiryango yakozweko n'iyugarwa ry'amashure hamwe n'ibisibo, bitewe n'ikiza ca COVID-19.

Ikibazo ca 2: Ni bande bafise uburenganzira bwo kuronswa P-EBT?

A: Imiryango y'i Vermont ifise abanyeshure bari basanzwe boronkejwe imfungurwa ku buntu canke ku giciro co hasi kw'ishure, nk'uko bitegekanywa n'Umugambi w'igihugu wo gufungurira abanyeshure sasita bita mu Congereza National School Lunch Program (usabwe kuraba kandi ikibazo ca 3 ku vyerekeye imfungurwa rusangi muri uno mwaka w'ishure). Amahera y'imfashanyo arahari mu kiringo c'ukwezi mu gihe:

- umunyeshure yasivye kw'ishure kubera ikiza ca COVID-19 muri ukwo kwezi abifitiye uruhusha, **kandi**
 - ishure ryiwe rikaba riri muzifise "uburenganzira" bwo guhabwa imfashanyo P-EBT. *Raba integuro ya reta kugira umenye ukwo ishure rironka uburenganzira bwo guhabwa imfashanyo P-EBT:* <https://dcf.vermont.gov/esd/P-EBT>.
-

Ikibazo ca 3: Ivyerekeye imfungurwa rusangi zo kw'ishure navyo vyifashe gute? Ibi vyoba bigira ingaruka k'uburenganzira bwo kuronswa imfashanyo P-EBT?

A: Abanyamategeko b'i Vermont baratoye itegeko, Itegeko 151 (2022), ritanga amahera ya reta kugira haboneke imfungurwa rusangi i Vermont mu mashure yose ya reta no mu mashure yigenga amwe amwe. Ibi bisigura ko ishure ryose rya reta ry'i Vermont hamwe n'amashure amwe amwe yigenga, ari mu Mugambi w'igihugu wo Gufungurira Abanyeshure Sasita (National School Lunch Program) kandi akoresha CEP canke Ingingo ya 2 mu mwaka w'ishure wa 2022-2023. Mu gihe amashure yose azoba aronse uburenganzira (raba ikibazo ca 2 aho hejuru), abanyeshure bose bo muri ayo mashure bazosiba kw'ishure kubera ikiza ca COVID bazoronswa imfashanyo P-EBT ihuye n'imisi basivye. Mu mashure yigenga ari mu Mugambi w'igihugu wo Gufungurira Abanyeshure Sasita (National School Lunch Program) kandi urihisha imiryango amahera y'imfungurwa zitangirwa kw'ishure, abanyeshure ntibazoronswa iyo mfashanyo kiretse bigaragaye ko bafise uburenganzira bwo guhabwa imfungurwa ku buntu canke ku giciro co hasi.

Ikibazo ca 4: Igisibo cemewe kivuye ku kiza ca COVID ni ikihe?

A: Igisibo gitewe n'ikiza ca COVID ni igisibo cemewe mu kwezi mu gihe catumwe n'imwe mu mvo zikurikira:

- kuba waratowe ingwara ya COVID canke bikeka ko uyigwaye,
- kuba waregeranye n'umuntu batoye ingwara ya COVID,
- canke ufise ibimenyetso vy'ingwara ya COVID vyotuma bagushira mu kibanza ca wenyene canke/kandi bakagupima, canke
- iyugara ry'ikirasi, ry'umwaka canke ry'ishure ritari ritegekanijwe, canke mu gihe hoba hariko harahindurwa uburyo bwo kwiga, abanyeshure bagatangura kwiga bari muhira bakoresheje ubuhinga ngurukanabumenyi ku mvo za COVID, nko mu gihe hoba hatowe abantu bagwaye iyo ngwara, canke abakozi bagabanutse kubera COVID canke iyo bibaye ngombwa ko ababijejwe barondera abantu boba baregeranye n'umuntu yatowe ico kiza, n'ibindi.
- Ukeneye amakuru yiramvuye yerekeye ibisibo biterwa na COVID, usabwe kuja ku rubuga ngurukanabumenyi <https://education.vermont.gov/documents/definition-of-covid19-related-absences-for-purposes-of-issuing-pebt-benefits>

Ikibazo ca 5: Ishure ryacu ryarugaye kubera hari haguye vya bintu vya bimeze nk'urubura bita snow mu Congereza canke kubera umuringoti w'amazi wari wamenetse canke kubera icuma gishuhisha mu nzu cari capfuye. Mbega ivyo vyotuma umunyeshure yasivye iyo misi aronka uburenganzira bwo kuronswa imfashanyo P-EBT?

A: Haba namba, ahabwa imfashanyo iyo ishure ryugaye ku mvo za COVID gusa.

Q6. No menya gute ko umuryango wanje ufise uburenganzira bwo guhabwa iyo mfashanyo?

A: Ishure umunyeshure wawe yigako rizofata ingingo yuko umunyeshure wawe afise uburenganzira bwo kuronka imfashanyo canke atabufise, ryisunze ibintu atagerezwa kuba akwiza vyategekanijwe na reta ya Vermont. Ishure rirashobora kukurondera kugira risuzume ko amakuru rifise akwerekeye ari ay'ukuri. Usabwe kuzoryishura ni hagira ico rikubaza. Nimba ufise uburenganzira bwo guhabwa iyo mfashanyo, uzoronka ikete rivuye mu Gisata kijejwe Abana n'Imiryango (DCF) rigusigurira ingene uzoronka iyo mfashanyo n'igihe uzoyironkera.

Ikibazo ca 7: Nararonse ikarata ya P-EBT mu mwaka w'ishure uheze (2021-2022) mugabo ubu ntayo ngifise. Hari ingorane ivyo vyotera?

A: Igisata ca DCF kirashobora kukurungikira ikarata yindi. Amakuru akumenyeshya uko bikorwa azoba ari mu makete yerekeye imfashanyo azosohoka mu kwezi kwa Ndamukiza 2023. Usabwe kuzogumya iyo karata nshasha ni wayironka. Izindi mfashanyo zirashobora kuzoyishirwako kuko amahera azotangwa incuro zirenga imwe muri uno mwaka w'ishure.

Ikibazo ca 8: Imfashanyo zizotangwa ryari?

A: Igice cambere c'imfashanyo kijanye n'ikiringo co kuva mu kwezi kwa Nyakanga 2022 gushika mu kwezi kwa Nzero 2023 kizotangwa mu kwezi kwa Ndamukiza 2023. Imfashanyo zihuye n'ikiringo co kuva mu kwezi kwa Ruhuhuma 2023 gushika mu kwezi kwa Ruheshi 2023 zitegekanijwe kuzotangwa mu kwezi kwa Myandagaro 2023. Usabwe kubandanya uraba ibibazo bikunda kubazwa bishasha ku rubuga ngurukanabumenyi rw'igisata ca DCF kugira uronke amakuru yihariye: <https://dcf.vermont.gov/esd/P-EBT>. Uramenyeshajwe ko reta ku rwego rw'igihugu itazosubira gutanga imfashanyo P-EBT uno mwaka w'ishure niyo ingingo ivuga yuko turi mu bihe bidasanzwe mu gisata c'amagara y'abantu yahagarikwa muri uno mwaka w'ishure. Muri ico gihe, ibi bibazo bikunze kubazwa bizoca bihindurwa hanyuma vyerekane ukwezi kwanyuma imfashanyo P-EBT izobonekerako.

Ikibazo ca 9: Imfashanyo ya P-EBT igizwe n'amahera angana gute?

A: Imfashanyo ya P-EBT ni amadorare 8.18 ku musu umunyeshure yasibiye kw'ishure abifitiye uruhusha ku mvo za COVID.

Ikibazo ca 10: amahera y'imfashanyo P-EBT yoba angana canke arahinduka bivanye n'igitigiri c'abana umuryango ufise?

A: Igitigiri c'amahera y'imfashanyo atangwa ku kwezi kirahinduka bivanye n'imisi umunyeshure yasivye kw'ishure abifitiye uruhusha, ku mvo za COVID. Imiryango izoronswa amafaranga y'imfashanyo atandukanye bivanye n'igitigiri c'imisi umwana wese wo mu muryango yari afitiye uburenganzira bwo kuronswa imfashanyo ya EBT buri kwezi.

Ikibazo ca 11: Umwana wanje arabwa n'imiryango ibiri. Ni umuryango uwahe uzoronswa imfashanyo muri iyo ibiri?

A: Amahera y'imfashanyo azorungikirwa umuntu akuze yanditswe n'ishure umunyeshure yigako ko ari we ari "umukuru w'umuryango". Uyu ashobora kuba umuntu akuze yatanze dosiye y'umunyeshure yo gusaba imfungurwa zo ku buntu canke zizimbutse, canke umuntu akuze ishure ryanditse nk'umuntu ryotangura kurondera hagize igishikira umunyeshure. Amashure azorondera imiryango mu kwezi kwa Nzero kugira amenye neza uwo yokwandika nk' "umukuru w'umuryango". Usabwe kwitura ishure nimba "umukuru w'umuryango" akwiye guhindurwa.

Ikibazo ca 12: Ayo mahera y'imfashanyo noyagura iki?

A: Rabaibifungurwa ushobora kugura ukoresheje amahera y'imfashanyo P-EBT yaweku rubuga ngurukanabumenyi: <https://www.fns.usda.gov/snap/eligible-food-items>.

Ikibazo ca 13: Ni hehe noshobora gukoresha ikarata yanje ya P-EBT?

A: Urashobora kuyikoresha mu kugura ibifungurwa vyemewe mu kibanza ico arico cose cemera 3SquaresVT. Aho naho harimwo imangazine zidandaza imfungurwa, imangazine zidandaza ibintu bitandukanye bikoreshwa mu nzu, imangazine ntoya idandaza ibifungurwa hamwe n'amasoko menshi y'abarimyi y'i Vermont. Menya vyinshi uciye ku rubuga ngurukanabumenyi rw'igisata DCF <https://dcf.vermont.gov/benefits/ebt>.

Ikibazo ca 14: Nta bana mfise biga. Noronka iyo mfashanyo na jewe?

A: Iyi mfashanyo igenewe imiryango ifise abana bakunda kuronswa imfungurwa ku buntu canke ku giciro co hasi kw'ishure biciye mu Mugambi w'Igihugu wo Gufungurira Abanyeshure Sasita (National School Lunch Program), none ubu bisabwa ko bafungurira izo mfungurwa muhira kubera basibijwe kw'ishure na COVID, hamwe n'abana bigira muhira bakwije ibisabwa biri mu kibazo ca 16.

Ikibazo ca 15: Ibi vyoba bigenewe abana biga mu mashure ya reta gusa?

A: Oya. Amashure yigenga amwe amwe ari mu Mugambi w'Igihugu wo Gufungurira Abanyeshure Sasita, kandi abana bayigamwo barashobora kuronka uburenganzira bwo kuronswa iyo mfashanyo. Yamara, amashure yigenga menshi ntarimwo mu Mugambi w'Igihugu wo Gufungurira Abanyeshure Sasita, kandi abana bayigako nta burenganzira bafise bwo kuronswa iyo mfashanyo.

Ikibazo ca 16: Umwana wanje azokwigira muhira uno mwaka. Twoba dufise uburenganzira bwo kuronswa iyo mfashanyo?

A: Urashobora kuronka uburenganzira bwo kuronswa iyo mfashanyo muri uno mwaka w'ishure hisunzwe ingingo nshasha za Reta ku rwego rw'igihugu. Abanyeshure bigira muhira bakwije ibi bikurikira barashobora kuronka uburenganzira bwo kuronswa imfashanyo P-EBT muri uno mwaka:

- Iyo umunyeshure yanditswe ko azokwigira muhira biciye mu Gisata c'Indero (Agency of Education) mu mwaka w'ishure wa 2022-2023.
- Umunyeshure yiyandikishije ko azokwigira muhira inyuma y'itariki 27 Nzero, 2020 (abanyeshure biyandikishije kwigira muhira imbere y'itariki 27 Nzero, 2020 ntabarimwo)

- Iyo umunyeshure atarigera atonda ubwiwe kw'ishure ry'i Vermont na rimwe, bivanye n'uko ari mushasha i Vermont kuva mu kwezi kwa Nzero 2020 canke bivanye n'uko umwana yiga mw'ishure ritegura abana imbere yuko baja mu mashure y'intango, canke yiga muwa mbere canke muwa kabiri mu mashure y'intango muri uno mwaka w'ishure, umuvyeyi/umurezi azokwuzura urupapuro rwemeza ko umwana wiwe ariko yigira muhira muri uno mwaka w'ishure kubera ikiza ca COVID.

Ikibazo ca 17: Imiryango yandikishije abana bayo kugira bigire muhira ibicishije mu Gisata c'Indero (Agency of Education) yoba isabwa kwandika isaba imfashanyo P-EBT kugira izoyironswe muri uno mwaka w'ishure?

A: Oya. Ibisata vya AOE na DCF bizokwisunga amakuru yakoreshejwe mu kwandikisha umwana ngo yigire muhira ari muri dosiye kugira bitange imfashanyo P-EBT ku bana bigira muhira. Kubera amashure yose ya reta y'i Vermont ariko atanga imfungurwa ku buntu hisunzwe ingingo ya 2 hamwe na CEP, abana bose bigira muhira bakwije ibisabwa vyadondaguwe mu kibazo ca 16 bazoshobora kuronswa imfashanyo batarinze kwerekana ko bafise uburenganzira bwo kuronswa imfungurwa ku buntu canke ku giciro co hasi. Igisata ca AOE kizorondera imiryango ifise abana bigira muhira ni cagira ikibazo kijanye n'ukwiyandikisha canke n'amakuru afasha gutora umuntu yo muri dosiye itangwa muri AOE canke ni vyakenerwa ko cuzuzura impapuro z'imiryango itegerezwa kwuzuzura impapuro kugira yemeze ko umwana ariko yigira muhira uno mwaka ku mvo zo gutinya COVID.

Ikibazo ca 18: Amahera y'imfashanyo P-EBT ku bana bigira muhira ni angahe?

A: Amahera y'imfashanyo ku bana bigira muhira ni amadorare 143.15 buri kwezi umunyeshure yiyandikishirijemwo kwigira muhira biciye mu gisata ca AOE, kuva mu kwezi kwa Nyakanga gushika mu kwezi kwa Ruheshi. Uramenyeshwe ko reta ku rwego rw'igihugu itazosubira gutanga imfashanyo P-EBT uno mwaka w'ishure niyo ingingo ivuga yuko turi mu bihe bidasanze mu gisata c'amagara y'abantu yahagarikwa muri uno mwaka w'ishure. Muri ico gihe, ibi bibazo bikunze kubazwa bizoca bihindurwa hanyuma vyerekane ukwezi kwanyuma imfashanyo P-EBT izobonekerako.

Ikibazo ca 19: Amahera y'imfashanyo P-EBT ku bana bigira muhira azotangwa ryari?

A: Amahera y'imfashanyo ku bana bigira muhira azotangirwa rimwe mu kwezi kwa Rusama 2023 kandi azoba agizwe n'imfashanyo yo kuva muri Nyakanga gushika muri Ruheshi, kiretse ingingo yo ku rwego rw'igihugu ivuga ko turi mu bihe bidasanze mu gisata c'amagara y'abantu ihagaritswe imbere y'ukwezi kwa Ruheshi. Muri ico gihe, ibi bibazo bikunze kubazwa bizoca bihindurwa hanyuma vyerekane ukwezi kwanyuma imfashanyo P-EBT izobonekerako.

Ikibazo ca 20: Mu gihe ishure ryugaye canke umwana atagiye kw'ishure, turatora imfungurwa canke ishure rikazirungika. None ivyo nzoca mpararika kubikora ninaronka imfashanyo P-EBT? Ivyo vyoba bica bitwaka uburenganzira bwo kuronswa imfashanyo?

A: Oya. Abanyeshure baronswa imfungurwa kubera bariko bigira muhira bakoresheje ubuhinga ngurukanabumenyi barafise uburenganzira bwo kuronswa imfashanyo P-EBT. Urashobora kubandanya uronswa izo mfungurwa ukongera ugahabwa iyi mfashanyo.

Ikibazo ca 21: Ndafise abandi bana batanditswe mw'ishure canke batanditswe ngo bigire muhira. Boba bafise uburenganzira bwo kuronswa iyi mfashanyo?

A: Oya. Iyi mfashanyo yagenewe abana biga kw'ishure risanzwe riri mu Mugambi w'Igihugu wo Gufungurira Abanyeshure Sasita canke abanyeshure bafise uburenganzira biyandikishije ngo bigire muhira biciye mu gisata ca AOE kandi bakwije ibisabwa vyadondagurwe mu kibazo ca 16.

Ikibazo ca 22: Abana banje biga kw'ishure ryigenga riri mu Mugambi w'Igihugu Ugaburira Abanyeshure Sasita. Abana banje ntibaronse uburenganzira bwo kuronka imfungurwa ku buntu canke ku giciro co hasi ubwa mbere, ariko ubu ibintu vyarahindutse mu muryango wacu. Noshobora kuronswa imfashanyo P-EBT?

A: Nimba ubutunzi bwawe butacifashe nkuko bwari bwifashe ubwa mbere, turaguteye intege ngo uzosabe:

- **3SquaresVT**- nimba uronka imfashanyo buri kwezi, umwana wawe arafise uburenganzira bwo kuronswa imfungurwa ku buntu kw'ishure kandi arashobora no kuronka imfashanyo ya P-EBT. Raba uko basaba imfashanyo ku rubuga ngurukanabumenyi rwa DCF <https://dcf.vermont.gov/benefits/3SquaresVT>.
 - **Imfungurwa zitangwa ku buntu canke ku giciro co hasi** – Ronderaurupapuro rwo kwuzura kugira uzisabe uciye kw'ishure umwana wawe yigako canke ku rubuga ngurukanabumenyi rw'Igisata c'Indero (Agency of Education): <https://education.vermont.gov/>. Amadosiye yemewe yarungitswe kw'ishure ryawe arashobora gutuma umuryango wawe uronswa imfashanyo zo kuva muri Nyakanga 2022.
-

Ikibazo ca 23: Vyogenda gute mu gihe noba ntagomba iyo mfashanyo?

A: Iyo mfashanyo uyakira ubishatse, nta gahato karimwo. Ufashe ingingo yo kutayitora, usabwe guhitamwo kimwe mu bintu bibiri:

- Ntukoreshe amahera y'imfashanyo arengako yarungitswe kw'ikarata yawe ya 3SquaresVT EBT card. **CANKE**

- Heba ikarata wahawe y'imfashanyo ya P-EBT mu kuyikata aho hantu icuma gisoma iyo uyinyerejemwo hanyuma uyite mu buryo bwizewe. Ntuzohe ikarata yawe uwundi muntu.

Ikibazo ca 24: Amahera y'imfashanyo ya P-EBT yoba ata igihe iyo adakoreshejwe mu mwanya utegekanijwe ?

A: Ego. Amahera y'imfashanyo ya P-EBT arata igihe iyo ikarata idakoreshejwe mu kiringo c'imisi 274.

Ikibazo ca 25: Ndafise ibindi bibazo. Nokura umuco hehe?

A: ja ku rubuga <https://dcf.vermont.gov/esd/P-EBT> canke uhamagare kuri 1-800-479-6151, amahitamwo ya 7, kugira uronke amakuru yiramvuye. Urasabwe kwitura ishure umunyeshure wawe yigako nimba ufise ibibazo vyihariye vyerekeye uburenganzira bw'umunyeshure wawe bwo kuronswa imfungurwa ku buntu canke ku giciro co hasi canke nimba wipfuzaga guhindura umukuru w'umuryango canke agasandugu ka posita kazokoreshwa mu kukurungikira ikarata.